



FICH TECHNIK

ALTERNARIA NAN FÈY AK GOUS PWA AN AYITI

Shouan Zhang, Aaron J. Palmateer, Ken Pernezny, ak R. T. McMillan, Jr.¹
Joubert Fayette² te tradui epi adapte dokiman PP-61

Alternaria nan fèy ak gous pwa (AFGP), se yon maladi yo obseve Nan kilti pwa vèt ak pwa pou grenn nan Peyi d'Ayiti. Nou obsève maladi sa nan plizyè kote ki fè pwa, tankou nan mòn Kenscòf, plenn mate Matheux ak nan lòt zòn pwodiksyon pwa ankò. Se yon maladi ki ka koze anpil dega nan jaden pwa yo.

Sentòm

Sentòm ki pi grav yo parèt sou gous pwa yo. Se yon seri ti tach ki vin sou gous yo, ki gen koulè mawon fonsse oubyen nwa. Lè yo obsève ti tach sa yo ak yon loupe, y ap parèt bonbe tankou yon kòn. Lè tach sa yo vin anpil sou gous yo, yo ka desann pri pwodwi yo espesyalman gous pwa ki pral vann nan mache yo (Imaj 1).



Imaj 1. Sentòm maladi an nan fèy pwa

Premye sentòm yo parèt sou fèy yo a yon seri ti tach tankou gout dlo. Apre sa, tach sa yo tounen won ou dimwens yo lòt kalite fòm. Mitan tach yo gen yon koulè mawon ki pal. Arebò tach yo gen yon koulè mawon ki tire sou wouj (Imaj 2). Sou tach ki pi ansyen yo, nou kapab obsève yon bann wonn ki pal. Tach ki pi pre yonn lòt kapab vin fè yon sèl. Pye pwa yo ka konmanse pèdi fèy pi bonè ke dabitid pandan ke maladi an ap vale teren.

Kisa ki lakoz maladi sa

Plizyè espès *Alternaria* kapab koze maladi sa nan jaden pwa yo. *Alternaria alternata*, se yonn nan espès ki trè souvan lakoz maladi sa. *A. alternata*, se yon mikwòb ki fèb epi ki mwens agresif ke lot espès *Alternaria*, tankou *A.*

1. Shouan Zhang, profesè, Aaron J. Palmateer, pwofesè onorè, Depatman Fitopatoloji, Inivèsite Florida, Tropical Research and Education Center (TREC); Ken Pernezny, pwofesè onorè, Depatman Fitopatoloji, Everglades Research and Education Center; and R. T. McMillan, Jr., pwofesè onorè, Depatman Fitopatoloji, TREC, Sèvis Vilgarizasyon Koperativ, UF Institute of Food and Agricultural Institute (IFAS), Gainesville, FL 32611
2. Dokiman # PP-61, ki pwodwi pa UF/IFAS electronic data information source (EDIS), te tradui e adapte pa Joubert Fayette. Fayette, Ph.D., fè pati de ekip k ap pilote pwogram rechès Fitopatoloji (maladi plant yo) nan program Appui à la Recherche et au Développement Agricole (AREA), Feed the Future, Haiti

solani (ki ka lakoz anpil gwo dega nan jaden pòm detè ak tomat), *A. cucumerina* (li koze anpil nan anpil plant ki nan menm fanmi ak joumou, melon, konkonb).

Pi bon kondisyon pou maladi sa devlope se anpil imidite, anpil lapli ak yon tan ki fre (15 – 24 °C). Si kondisyon sa yo reyini, *Alternaria* nan fèy ak gous pwa kapab lakoz gwo dega nan jaden pwa yo. An Ayiti, nou jwenn kondisyon sa yo pi souvan reyini nan mòn kote lapli tonbe anpil.

Nan laboratwa, nou kapab obsève ak yon mikwoskòp espè ke chanpiyon sa pwodwi. Espè sa yo gen plizyè selil, epi yo kolore.

Lè plant yo pa jwenn eleman minewo ak dlo nan tè a pou yo byen grandi, yo ka pi fasil frape pa maladi sa. Si pye pwa yo manke Azòt ak/oswa Potasyòm, li pi fasil pou yo atake pa maladi sa. Si pye pwa yo te plante trò dri (dansite ki elve), sa ka lakoz maladi an devlope pi fasil, e pi parèt pi souvan nan jaden pwa yo.

Koman nou kapab kontwole maladi saol

1. Fòk pye pwa yo jwenn tout eleman minewo yo bezwen nan tè an pou yo byen grandi. Li pi bon pou fè analiz sòl pou ka detèmine kantite angrè sòl la gen bezwen.
2. Evite plante pye pwa yo trò dri
3. Gen kèk pwodwi chimik ki ka ede kontwole maladi sa. Nou ta dwe aplike pwodwi sa yo lè gous yo tou piti pou nou ka diminye maladi an le gous yo devlope. Kèk fonjisid, tankou Strobilurins, trè efikas nan kontwole maladi sa. Si w'ap itilize fonjisid kòm yon eleman nan yon pwogram jesyon entegre maladi ak ensèk nuizib yo, etikèt fonjisid lan dwe endike pou ki plant ak pou ki maladi ou ta dwe aplike l. Ou ta dwe swiv enstriksyon sou koman pwodwi sa ta dwe aplike epi itilize lòt pestisid ki gen lòt mòd aksyon pou evite ke pestisid lan depi efikasite l (devolpman rezistans).

Pou nou ka jwenn bon konsèy sou ki pwodwi ki disponib an Ayiti, mande bon konsèy nan Sèvis Vilgarizasyon Agrikòl (Biwo agrikòl kominal, BAC, Sant Riral Devlopman Dirab, CRDD) ki pi pre w lan, ou dimwens nan sèvis Pwoteksyon Plant Ministè Agrikilti an.



Imag 2. Sentòm maladi an nan gous pwa.
Howard F. Schwartz, Colorado State University